



Pou Piblikasyon Imedya: 3/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEPLWAYE RESOUS SIPLÈMANTE POU SIPÒTE
REKIPERASYON SIKLÒN HELENE**

Gad Nasyonal Lame New York voye 20 sòlda enjenyè nan Kawolin Disid

17 pyès ekipman lou pral akonpaye sòlda yo

Foto yo disponib isit la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Gad Nasyonal Lame New York la te deplwaye 20 sòlda enjenyè nan inite ki espesyalize nan konstriksyon wout ak reparasyon nan Kawolin Disid (South Carolina) pou ede ak rekiperasyon apre siklòn Helene. Anplis de sa, 17 pyès ekipman lou, ki gen ladan kamyon baskil, retwokavez, chajè avan ak anjen pou levaj, te akonpaye Sòlda yo.

"Nouyòkè yo bay egzanp epi ede vwazen nou yo nan moman dezespwa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Resous adisyonèl sa yo ak pèsònèl ekspè yo voye nan Kawolin Disid pral ede nan netwayaj ak rekiperasyon nan zòn ki afekte nan Siklòn Helene yo, epi ede amelyore kalite lavi pou sivil yo k ap viv la. Mwen remèsye Nouyòkè brav sa yo paske yo te reponn ak apèl la epi mwen ap tann retou an sekirite yo."

Sòlda ki deplwaye 3 oktòb yo plase nan Batayon Enjenyè 2024 la epi yo baze sou Sit Fòmasyon Horseheads ak Camp Smith toupre Peekskill. Sòlda yo pral rapòte nan Sant Preparasyon Gad Nasyonal Lame Kawolin Disid nan Greenville, Kawolin Disid.

Deplwaman sa a se dènye efò New York ap fè pou sipòte rejyon sid siklòn Helene te afekte a. Nan dat 26 septanm nan, Gouvènè Hochul [te deplwaye](#) yon ekip sovtaaj nan dlo viv ak ekipman nan Kawolin Dinò anvan siklòn Helene te ateri. Ekip sa a te deplwaye nan Konte Yancey, Kawolin Dinò e li te genyen 16 pèsònèl, de kanin ak ekipman repons pou ijans pou ede kominote ki afekte yo.

Nan dat 29 septanm, Gouvènè Hochul [te mande](#) Gad Nasyonal New York pou deplwaye 16 Sòlda ak twa elikoptè pwa lou soti Rochester pou rive nan etablisman vòl Gad Nasyonal Lame Kawolin Disid la nan Greenville. Sòlda sa yo te pote manje ak dlo pou sipòte efò sekou Kawolin Dinò nan zòn Asheville. Jiska dat, yo te deplase 65,000 liv pwovizyon sekou ak 15 pèsònèl ijans.

Nan dat 30 septanm, Gouvènè Hochul [te voye](#) yon Ekip Jesyon Ensidan 30 manm nan Asheville, Kawolin Dinò pou ede la avèk rekiperasyon Siklòn Helene. Yo te deplwaye ekip espesyalize milti-ajans ak gouvènman lokal la pou bay sipò operasyonèl pou aktivite repons yo.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa Jackie Bray, te deklare, "Nouyòkè yo toujou ede vwazen yo, epi nou rekonesan anvè moun ki deja sou tèren an pou bay yon koutmen pou moun ki afekte nan siklòn Helene yo. Sipò adisyonèl sa a pral bay plis asistans pou moun ke lavi yo te boulvèse akòz tanpèt sa a epi pral kontinye fè tout sa nou kapab pou ede nan kad efò sa yo."

Majò Jeneral Ray Shields te deklare, "Sou direksyon Gouvènè Hochul, Gad Nasyonal Lame New York la fyè pou l reponn yon demann pou èd nan men Gad Nasyonal Kawolin di Sid epi deplwaye yon ekip enjenyè Lame ansanm ak ekipman lou yo nan Kawolin Disid pou ede ak rekiperasyon tanpèt la. Sòlda nou yo ak avyatè yo toujou pare pou reponn lè sa nesèsè, swa lòt bò dlo oswa isit la lakay yo epi jodi a Sòlda nou yo te pwouve yon lòt fwa ankò ke yo 'toujou pare, toujou la'. Mwen trè rekonesan pou gason ak fanm ki nan Gad Nasyonal New York la."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)